# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–13 जून 2024 भोजपुरी समाचार

मेडिकल प्रवेस परीक्षा नीट क नतीजा के ले के उठल बिबादन पर आजु सुप्रीम कोर्ट में सुनवाई भइल। येह बिच्चे परीक्षा करावे वाली नेशनल टेस्टिंग एजेंसी नीट में ग्रेस मार्क्स वाले छात्रन के फेर से परीक्षा देवे क बिकल्प दिहले हौ। एजेंसी के हिसाबि से अइसन पनरह सौ तिरसठ छात्रन क परीक्षा तेइस जून के होई अउर एकर नतीजो जूने में जारी कइ दिहल जाई। ओहर, सुप्रीम कोर्ट मामिला से जुड़ल याचिकन पर सुनवाई करत कहले हौ कि छात्रन के डेरइले क जरूरति नइखे। पूरा तरह से परीक्षा के रद्द कइ दिहल अबहिन उचित तरीका नाही हौ। कोर्ट कहले हौ कि नीट क काउंसिलिंग पर रोकि नाहीं लगावल जाई।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क वाराणसी दौरा अठारह जून के प्रस्तावित हौ। येह दौरा के समय श्री मोदी अपने संसदीय क्षेत्र से प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि क सतरहवीं किस्तियो जारी करिहें। सतरहवीं किस्ति में देस क नौ दसमलव तीनि करोड़ किसानन क बैंक खातन में करीब बीस हजार करोड़ रूपिया क रासि हस्तांतरित कइल जाई। एकरे खातिर राजा तालाब के मेंहदीगंज में किसान सम्मेलन क आयोजन कइल जा रहल हौ, जहवां प्रधानमंत्री पांच किसानन के अपने हाथे से सम्मानित करिहें। प्रधानमंत्री क प्रस्तावित कार्यक्रम के ले के काल्हि संझा मण्डलायुक्त कौशल राज धर्मा अउर पुलिस आयुक्त मोहित अग्रवाल मेंहदीगंज पहुंचि के तइयारियन क जायजा लिहलें अउर जरूरी निरदेस दिहलें।

**********

प्रदेस सरकार आवे वाला एक्कइस जून के अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस भव्य रूप से मनावे बदे पुरहर दिसा–निरदेस जारी कइले हौ। योग दिवस पर प्राचीन, सांस्कृतिक पर्यटन स्थल, ऐतिहासिक स्थल, नदी, झील, तलाबन के किनारे, अमृत सरोवर, पुलिस थान्हा, विद्यालय अउर अस्पतालन में योगाभ्यास करावल जाई। योग खातिर जागरूकता बढ़ावे बदे पनरह जून से एक्कइस जून ले हर जिला में योग सप्ताह क आयोजनों कइल जाई। येह बिच्चे आजु वाराणसी सम्पूर्णानन्द संस्कृत विश्वविद्यालय में कुलपति बिहारीलाल शर्मा सिक्षक, करमचारी आ अउरियो लोगिन के योग अपनावे क सपथ दियवलें।

**********

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड, सीबीएसई दसवीं अउर बरहवीं क सैक्षणिक सत्र दुइ हजार तेइस–चउबीस बदे कम्पार्टमेंट परीक्षा क तारीख जारी कइ दिहले हौ। एहमन दसवीं क परीक्षा पनरह से बाइस जुलाई ले अउर बरहवीं क परीक्षा पनरह जुलाई के आयोजित कइल जाई।

**********

राज्य अध्यापक पुरस्कार बदे परिषदीय स्कूलन के सिक्षकन क ऑनलाइन आवेदन क प्रक्रिया पनरह जून से सुरू होई। अध्यापक प्रेरणा वेब पोर्टल क मददि से दस जुलाई से ऑनलाइन आवेदन कइ सके लें। राज्य अध्यापक पुरस्कार बदे बनावल गइल हर जिला क जिला चयन समिति दुइ–दुइ श्रेस्ठ सिक्षकन क चयन करी फेर राज्य स्तरीय चयन समिति एहमन से एक–एक सर्वश्रेस्ठ सिक्षक के पुरस्कार बदे चयन करी।

**********

देस में नया आपराधिक कानून एक जुलाई से लागू हो जाई। एहमन भारतीय न्याय संहिता–दुइ हजार तेइस में महिला अउर बाल तस्करी बदे पीड़ित केन्द्रित दृस्टिकोंण अपनावल गइल हौ। येह संहिता में वेस्यावृत्ति बदे वेस्यावृत्ति बदे लइकन के खरिदले के मामिला में बढ़ल सजा क प्रावधान कइल गइल हौ, जेहमन कम से कम सात बरिस क अनिवार्य सजा हौ, जेके चउदह बरिस से बढ़ावल जा सके ला। एकरे सथहीं येह संहिता में मानव तस्करी क उद्देस्य से सोसण अभिव्यक्ति में भिक्षावृत्तियो के जोड़ल गइल हौ।

**********

गोरखपुर से आजमगढ़ ले एक्यानबे किलोमीटर ले क लम्बाई वाले गोरखपुर लिंक एक्सप्रेस–वे क निरमाण कार जून महिन्ना के आखीर ले पूरा हो जाई। उत्तर प्रदेश एक्सप्रेस–वे इन्डस्ट्रियल डेवलपमेंट अथॉरिटी, यूपीपीडा क आधिकारिक वेबसाइट पर जारी सूचना के हिसाबि से दस जून ले गोरखपुर लिंक एक्सप्रेस–वे क सत्तानबे फीसदी निरमाण कार पूरा कै लिहल गइल हौ। येह एक्सप्रेस–वे से गोरखपुर, अम्बेडकरनगर, संतकबीरनगर अउर आजमगढ़ जिला क सोझै लाभ होई। आजमगढ़ में ई एक्सप्रेस–वे पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे से जुड़ि जाई।

**********

पर्यटकन क भारी भीड़ि के देखि के पीलीभीत टाइगर रिजर्व अउर लखीमपुर खीरी जिला में दुधवा नेशनल पार्क क पर्यटन सत्र पचीस जून ले बढ़ा दिहल गइल हौ। पहिले पर्यटन सत्र पनरह जून के पूरा होखे के रहल।

**********

बनारस में सरधालुअन के बाबा विश्वनाथ क पांच आरतियन क दरसन थ्री डी के जरिया से करावल जाई। एहसे एक्के जगहि पर बइठि के सरधालु आरती के साथे बाबा विश्वनाथ क दरसनों कइ सके लें। एके ले के मंदिर हाता में ट्रायल सुरू कइ दिहल गइल हौ।

**********

पूरा प्रदेस पछिला कई दिन से भीसण गरमी अउर लुह क चपेटा में हौ। अजुओ प्रदेस क कई जिलन में अधिकतम तापमान चउवालीस डिगिरी सेल्सियस ले पहुंचि गइल। पछिला चउबीस घंटा में दिन के सथहीं राति तापमानों में बढ़ोत्तरी भइलि हो। गोरखपुर अउर बनारस मण्डल में राति क तापमान सामान्य से तीनि डिगिरी सेल्सियस बेसी रेकार्ड कइल गइल। येह बिच्चे लखनऊ मौसम विज्ञान केन्द्र क वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवलें कि अगिला चारि दिन ले प्रदेस क सज्जो हिस्सन में तापमान में गिरावट क आगम नइखे। चारि दिन बाद तापमान में धीरे–धीरे दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस क कमी आई।

**********